



NSS : 102086001813
NPSN : 30327692

PRIMARY AND SECONDARY EDUCATION DEPARTMENT
CITY BOARD OF MUHAMMADIYAH MAGELANG
MUHAMMADIYAH 1 ALTERNATIVE ELEMENTARY SCHOOL
"SD MUTUAL"
"Islamic, Creative, Innovative and Competitive School"

Tidar Street number 21 A
Magelang - 56126

Telp : 0293 - 314181/5505007
Fax : 0293 - 364889
Website : www.sdmutual.sch.id
e-mail : info@sdmutual.sch.id

GLADHEN PTS GASAL KELAS VI TAHUN PELAJARAN 2021/2022

I. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d ing wangsulan kang bener! Carita kanggo mangsuli pitakonan nomer 1-5

Ngendheg Kamurkan, Ngudi Kemakmuran

Ngelingi kahanan bangsa lan Negara kang tambah mawut, awit tumindake para manungsa sing saya suwe tambah murka sing ndadekake kasengsarane kawula. Mula Ray Mega Arum Dewi Sri Saparwi nggelar ruwatan Ageng Tutup Sura kanthi karep nligi amrih para pejabat sing duwe sipat jahat enggal eling lan ngendheg tumindhak murka.

Prosesi ruwatan Agung tutup Suran digelar ing Umbul Tirta Mulya sing manggon ing Desa Kemas, Kecamatan Sawit, Boyolali, Jawa Tengah, dina Jum'at Wage 21 Nopember 2014 wengi. Umbul iki biyene ditemokake lan dibangun dening Paku Buwana X, kanthi **pangajab** kawula kiwa tengen umbul bisa makmur uripe. Upacara iki dipandhegani Ratu Ayu Mega Arum Dewi Sri Saparwi.

....

- Prosesi adat ing dhuwur dipandhegani dening
 - Pak Lurah Desa Kemas
 - Pak Camat Kecamatan Sawit
 - Ratu Ayu Mega Arum Dewi Sri Saparwi
 - Paku Buwana X
- Anggone ruwatan Agung tutup Suran digelar ing
 - Umbul Martani
 - Umbul Sidomukti
 - Umbul Mulya
 - Umbul Tirta Mulya
- Tembung **pangajab** tegese
 - panyuwunan
 - pepiling
 - ruwatan
 - upacara
- Umbul Tirta Mulya ditemokake dening
 - Hamengkubuwana X
 - Paku Buwana IX
 - Paku Buwana X
 - Mangkubumi
- Prosesi ruwatan Agung tutup Suran dilaksanakake dina
 - Jum'at Kliwon
 - Kemis Wage
 - Jum'at Wage
 - Rebo paing

Wacan kanggo mangsuli pitakonan nomer 6-10

Raden Gathotkaca

Raden Gathotkaca **satriya** ing Pringgondani. Putrane Raden Werkudara, salah sijining Pandhawa. Gagah prakosa lan sekti mandraguna. Ora tedhas tapak puluning pandhe sisaning gurenda, tinatah mendat jinara menter. Raden Gathotkaca otot kawat, balung wesi, sumsum gegala. Raden Gathotkaca bisa mlethik tanpa suthang, bisa mabur tanpa elar.

Dhasar Raden Gathotkaca ngagem caping Basunanda, yen udan ora kudanan, yen panas ora kepanasen. Tandhange Raden Gathotkaca kebat, cukat, trengginas, lan trampil.

Cukat kaya kilat, kesit kaya thathit, endha mangiwa, endha manengen, pindha prenjak tinaji.

6. Kasatriyane Raden Gathotkaca yaiku ing
 - a. Pringgondani
 - b. Dwarawati
 - c. Alengka
 - d. Madukara
7. Raden Gathotkaca iku gagah ... lan sekti
 - a. prakosa, mandraguna
 - b. mandraguna, gagah
 - c. mandraguna, prakosa
 - d. sekti, kekuwatane
8. Raden Gathotkaca bisa mlethik tanpa
 - a. tangan
 - b. suthang
 - c. elar
 - d. tenaga
9. Raden Gathotkaca iku
 - a. putrane Puntadewa
 - b. anake Arjuna
 - c. adhine Pandhawa
 - d. putrane Werkudara
10. Raden Gathotkaca iku otot ... balung
 - a. atos, kulit
 - b. kawat, wesi
 - c. kuwat, besi
 - d. kilat, geni
11. Tembung **satriya** padha tegese karo tembung
 - a. jeneng
 - b. pinter
 - c. sekti
 - d. wong luhur
12. Ing ngisor iki gambar kang nuduhake Raden Gathotkaca yaiku

a.



b.



c.



d.




Wacan kanggo mangsuli pitakoan nomer 17-18

....

Perang Baratayuda Binangun njaluk tumbal nyawa prajurit pirang-pirang. Arya Burisrawa putrane Prabu Salya uga katut dadi kurbane perang, ndadekake dukane Prabu Salya. Dukane disuntakake marang mantune yaiku Adipati Karna, mula Adipati Karna sanalika muntab. Banjur Adipati Karna nglumpukake prajurit raseksa. Gegere perang nganti keprungu Pandhawa.

Ngerti bab kuwi Janaka keslomot atine banjur taren marang Prabu Kresna. Dhawuhe Prabu Kresna yaiku Raden Gatotkaca kang pantes maju dadi senopati perang. Adipati Karna ngadhepi Gathotkaca ijen-ijen. Sang Adipati keseser perange banjur ganti tata gelar perang kanthi numpak kreta perang Jatisura dikusiri Patih Hadimanggala. Adipati Karna mburu dununge Gathotkaca, enggal ngunus pusaka Kuntadruwasa gaman kang dadi pengapesane Gathotkaca.

13. Nalika perang Raden Gathotkaca mungsuh
 - a. Arya Burisrawa
 - b. Adipati Karna
 - c. Prabu Kresna
 - d. Janaka
14. Perkara kang nyebabake Raden Gathotkaca perang lawan Karna yaiku
 - a. tumbal nyawa prajurit pirang-pirang
 - b. Adipati Karna sanalika muntab
 - c. Perang Baratayuda Binangun
 - d. putrane Prabu Salya katut dadi kurbane perang

15. Pusaka kang dadi pengapesane Raden Gathotkaca jenenge
 a. Kuntawijaya b. Jatisura c. Hadimanggala d. Kuntadruwasa
16. Sesirah kang cocok kanggo wacan ing dhuwur yaiku
 a. Karna Gugur c. Perang Sedulur
 b. Gathotkaca Gugur d. Prabu Kresna
17. Putrane Prabu Salya iku jenenge
 a. Arya Burisrawa b. Adipati Karna c. Prabu Kresna d. Janaka
18. Piwulang becik kang kamot ing crita Gathotkaca Gugur yaiku
 a. Aja gampang keslomot atine
 b. Aja seneng goroh karo sapa wae
 c. Yen tumindak sing grusa grusu
 d. Nalika lagi susah atine kudu eling marang sing kuwasa
19.  Paraga wayang ing sisih jejuluk
 a. Gatotkaca
 b. Adipati Karna
 c. Prabu Salya
 d. Prabu Kresna
20. Watake Adipati Karna yaiku
 a. gampang keslomot atine c. ora mingkuh ing kewuh
 b. bela bebener d. bawa leksana

II. Isinen ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi bener!

21. Upacara ing sekolah **dipandhegani** dening Kepala Sekolah. Tembung **dipandhegani** ateges
22. Para wong sukerta nggawa sesaji kanggo ruwatan. Diarani wong sukerta amarga tansah ... uripe.
23. Wasita adi yaiku tetembungan kang mentes isi
24. Putrane Prabu Salya kang katut dadi kurbane perang Bharatayudha Binangun jenenge
25. Ing perang Bharatayudha Binangun, kang maju dadi senopati perang asmane